

COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS
KOMITE ENPLANTASYON ENSTALASYON ENÈJI
DEPATMAN SÈVIS PIBLIK YO
AVI SOU ABITRAJ AK ODYANS POU KÒMANTÈ PIBLIK
EFSB 22-03/D.P.U. 22-21

Konpayi Elektrisite NSTAR ki fonksyonnen avèk non Eversource Energy

Ou te resevwa Avi sa a paske rezidans ou oswa biznis ou toupre enstalasyon Eversource pwopoze yo Komite Enplantasyon Enstalasyon Enèji a pral egzamine. Dapre G.L. c. 164, §§ 69J, 72, Konpayi Elektrisite NSTAR ki fonksyonnen avèk non Eversource Energy (“Eversource” oswa “Konpayi” an), ki chita nan 247 Station Drive, Westwood, Massachusetts 02090, te depoze de petisyon asosye bò kote Komite Enplantasyon Enstalasyon Enèji an (“Komite Enplantasyon”) ak Depatman Sèvis Piblik yo (“Depatman”) anrapò avèk pwopozisyon Konpayi an pou konstwi, opere epi antreni: (1) uit nouvo liy transmisyon anba tè 115-kilovòlt (“kV”) ki pral loje nan yon total senk nouvo kanalizasyon plizyè tib, ki bay antou apeprè 8.3 mil, nan kèk pati nan Cambridge, Somerville ak zòn Allston/Brighton nan Boston (“Nouvo Liy yo”); (2) yon nouvo sou-stasyon 115/14-kV, ki pral sitiye nan yon vout anba tè sou yon pwopriyete ant Broadway Street ak Binney Street nan Cambridge (“Nouvo Soustasyon” an); epi (3) modifikasyon nan sèten enstalasyon sou-stasyon ki egziste deja nan Cambridge, Somerville, ak Allston/Brighton. Yo rele tout travay sa a ansanm Pwogram Enèji Greater Cambridge, oswa “Pwojè” a. Konpayi an deklare Pwojè a fèt pou reponn ak bezwen fyabilite sou peryòd ki long nan zòn Cambridge lan, k ap sibi yon devlopman ekonomik rapid ak kwasans san rete nan chaj la.

Komite Enplantasyon an pral fè yon odyans kòmantè piblik adistans konsènan Pwojè a avèk èd vidyokonferans Zoom nan madi, 28 jen 2022, a 6:00 pm. Pou yo antre ladan, patisipan yo ka klike sou (oswa antre) lyen ki annapre a <https://us06web.zoom.us/j/89391678590> sou yon òdinatè, smatfòn oswa tablèt. Li pa obligatwa pou telechaje okenn lojisyèl davans. Pou patisipasyon odyo sèlman, patisipan yo ka rele nan **1 646 558 8656 (ki pa yon nimewo san frè)** epi apres, mete ID seminè anliy lan: **893 9167 8590**. **Si sa nesèsè, kòmantè piblik yo ap kontinye nan odyans siplemantè (yo) mèkredi, 29 jen 2022, a 6:00 pm, epi, si sa nesèsè, jedi 30 jen 2022, a 6:00 pm.** Nan odyans lan 28 jen an, Komite Enplantasyon an pral anonse si odyans siplemantè yo nesèsè, epi li pral afiche sa tou sou sit entènèt Komite Enplantasyon an nan: <https://www.mass.gov/info-details/greater-cambridge-energy-project>.

Si ou prevwa bay kòmantè atravè Zoom pandan odyans kòmantè piblik la, tanpri voye yon imèl bay geneen.bartley@mass.gov avèk non ou, adrès imèl ou, ak adrès postal ou pou pita **lendi 27 jen 2022**. Si ou prevwa bay kòmantè nan telefòn, tanpri kite yon mesaj vwa nan (617) 305-3529 avèk non ou, nimewo telefòn ou ak adrès postal ou pou pita **lendi 27 jen 2022**. Yo ka otorize lòt moun pou fè kòmantè pandan odyans piblik la, selon libète desizyon Prezidan Seyans lan.


Yo pral bay entèpretasyon anmenmtan pou anglè nan panyòl, pòtigè, chinwa (mandaren) ak kreyòl ayisyen sou Zoom nan odyans pou kòmantè piblik la. Tout patisipan yo dwe chwazi lang yo prefera a pou tandè Entèprèt la k ap fè tradiksyon nan lang sa a. Peze ti imaj glòb la  epi apres seleksyone lang ou vle a. Gen lòt sèvis entèpretasyon ki disponib sou demann ki fèt nan imèl bay Donna.Sharkey@mass.gov. Aranjman rezonab pou moun ki andikape yo disponib sou demann ki fèt bay Melixza.Esenyie2@mass.gov.

Komite Enplantasyon an ap aksepte kòmantè alekri sou Pwojè a. Kòmantè alekri yo pral pi itil pou Komite Enplantasyon an si yo soumèt pou pita **vandredi 22 jiyè 2022**.


Moun oswa gwoup ki vle patisipe nan pwosedi Komite Enplantasyon an pi lwen pase bay kòmantè ka chèche swa pou entèvni antanke pati oswa pou patisipe antanke patisipan limite. Yo dwe depoze yon petisyon pou entèvni oswa pou patisipe nan Komite Enplantasyon an nan fòm elektwonik, nan imèl oswa atachman imèl, bay dpu.efiling@mass.gov, bay donna.sharkey@mass.gov ak bay drosen@keeganwerlin.com oplita nan fèmte biwo (5:00 p.m.) nan **vandredi 22 jiyè 2022**.

Kat jewografik Pwojè yo

<https://www.eversource.com/content/general/residential/about/transmission-distribution/projects/massachusetts-projects/greater-cambridge-energy-project>



Lòt chwa Wout ki Soumèt bay Komite Enplantasyon an Enstalasyon Enèji yo



Lòt chwa Wout ki Soumèt bay Komite Enplantasyon an Enstalasyon Enèji yo